

BAB V

KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Aya tilu hal anu baris dicindekeun dina ieu pedaran, nya éta:

- 1) Sacara umum, wangun kecap rajékan anu kapanggih tina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R téh aya 13 wangun, diantarana nya éta: (1) dwimurni, (2) dwiréka, (3) dwimurni binarung rarangkén, (4) dwimurni binarung kecap pancén, (5) dwimurni binarung rarangkén jeung kecap pancén, (6) dwiréka binarung rarangkén, (7) trilingga, (8) dwipurwa, (9) dwipurwa binarung rarangkén, (10) dwipurwa binarung kecap pancén, (11) dwipurwa binarung rarangkén jeung kecap pancén, (12) dwimadya jeung (13) dwimadya binarung rarangkén. Rarangkén anu ngabarungan éta kecap téh bisa mangrupa rarangkén hareup, tengah, tukang, barung jeung bareng. Tina hasil panalungtikan, wangun kecap rajékan anu panglobana dipaké téh nya éta kecap rajékan dwipurwa binarung rarangkén tukang kalayan frékuénsi dipakéna aya 113 kali (20,47%). Ari nu pangsaeutikna dipaké nya éta kecap rajékan trilingga, dwipurwa binarung rarangkén hareup jeung kecap pancén sarta dwimadya binarung rarangkén bareng. Éta kecap dipakéna téh ukur sakali (0,18%).
- 2) Fungsi kecap rajékan anu kapanggih tina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R téh aya 6 fungsi, nya éta (1) fungsi nominal, (2) fungsi verbal, (3) fungsi ajéktival, (4) fungsi numeral, (5) fungsi partikel, jeung (6) fungsi adverbial. Tina hasil panalungtikan, fungsi kecap rajékan anu panglobana dipaké téh nya éta fungsi verbal. Ieu fungsi dipakéna aya 209 kali (32,57%). Ari nu pangsaeutikna dipaké nya éta fungsi numeral anu frékuénsi dipakéna ukur 22 kali (3,99%).
- 3) Harti kecap rajékan anu kapanggih tina kumpulan carita pondok *Halis Pasir* karya Us Tiarsa R téh aya 37 harti, nya éta (1) ajéktival/statif, (2) diminutif, (3)

diversitas, (4) distributif, (5) éksésif (padahal), (6) éksésif (kaleuleuwih), (7) éksésif négatif, (8) frékuéntatif, (9) inténsitas, (10) inténsitas prohibitif, (11) inténsitasa négatif, (12) imitatif, (13) indeterminatif, (14) plural indeterminatif, (15) indeterminatif pasif, (16) indeterminatif frékuéntatif, (17) komperatif résiprokatif, (18) kontinuitas, (19) limitatif, (20) plural, (21) plural frékuéntatif, (22) perfektif, (23) perfektif futuratif, (24) partitif, (25) résiprokatif, (26) superlatif, (27) ngadadak, (28) konsésif, (29) sapanjang, (30) inklusif, (31) nuduhkeun nu dianggap, (32) terus-terusan teu di haja, (33) nuduhkeun rasa, (34) nuduhkeun panyakit, (35) ngalakukeun, (36) duratif, jeung (37) fakultatif. Tina hasil panalungtikan, harti kecap rajékan nu panglobana dipaké téh nya éta harti inténsitas anu frékuénsi dipakéna aya 72 kali (13,04%). Ari nu pangsaeutikan dipaké nya éta harti konsésif jeung “nudahkeun panyakit. Éta kecap dipakéna ukur sakali (0,18%).

5.2 Rekomendasi

Sanggeus diayakeun ieu panalungtikan, tangtuna waé aya sababaraha hal anu jadi rékomendasi tur bisa dijadikeun bahan tinimbangan deui, diantaranya nya éta:

- 1) Analisis kecap rajékan bisa diguar leuwih jero deui dumasar kana tiori-tiori séjén anu tacan kapaluruh dina ieu panalungtikan. Sawanganna mah boh tina jihat wangun, fungsi atawa hartina.
- 2) Analisis kecap rajékan bisa ogé dipaluruh tina kaparigelan basa nu séjén. Misalna tina kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun anu aya dina wangun lisan.
- 3) Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun salaku bahan ajar anu ditepikrunm sacara teu langsung pikeun siswa di sakola.